

AFIME YOU CHANJMAN POZITIF

➤ *Anrejistre repons nan ti tablo prezantasyon-an*

1. Mande gwoup la pou li idantifye moun ki kapab ede yo anpeche osteoporoz la oubyen kapab redwi kantite zo yo ka pèdi. Repons ki posib pou bay yo se:
 - Doktè
 - Doktè pou rejim
 - Doktè terapè
 - Lopital yo/Depatman Sante
 - Gwoup Sipòtè
 - Gwoup ki konn al mache yo
2. Mande gwoup la pou li idantifye you chanjman ke yo kapab pran pou yo amelyore sante yo ak anpeche oubyen pou yo redwi efè osteoporoz-a. Repons ki posib pou bay yo se:
 - Achte yogout san grès
 - Jwenn you gwoup ki konn al mache
 - Pale de Osteoporoz ak moun kap ba w swen sante yo
3. Envite asistans lan pou poze kesyon sou prezantasyon ki fèt la epi mande yo tou pou yo diskite tout lòt kesyon yo ta genyen ak moun ki ap ba yo swen sante yo.
4. Ankouraje asistans lan pou li pataje enfòmasyon li genyen sou osteoporoz ak lòt manm fanmi yo, kidonk ak timoun-yo, manman-yo, sè-yo, gran paran-yo, ak zanmi-yo.
5. Ankouraje patisipan yo pou yo fè you kontra anba chal ak pwòp tèt yo pou yo ka fè chanjman oubyen pou yo ka pran mezi sa-a nan 24 rè kab vini yo.